



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRI PREZÈVASYON ISTORIK ETA NEW YORK POU 2022 A

Dis prim ki mete aksan sou moun ak pwojè ki te kontribye nan konsèvasyon ak re-itylizasyon adaptif lye istorik yo

Foto yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo rekonèt nèf pwojè ak yon moun ak Prim Konsèvasyon Istorik Eta New York 2022 a. Pwojè yo mete aksan sou li ak prim ane sa a gen ladan yon etablisman yon distri istorik ki dirije pa kominote a nan Konte Chautauqua, konsepsyon espas jaden istorik ki pote transfòmasyon nan Konte Westchester, ak restorasyon konplè yon waf istorik nan Vil New York.

"Konsève pwèn enpòtan yo atravè New York pèmèt nou selebre istwa pataje nou ak onore pase kolektif nou an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen felisite benefisyè ane sa a pou efò yo fè pou pwofite resous istorik ak kiltirèl nou yo pou konstwi yon avni ki pi briyan pou eta nou an."

Kreye an 1980, Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la prezante Prim Eta a pou onore ekselans nan pwoteksyon ak revitalizasyon resous istorik ak kiltirèl yo.

Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare, "Prezèvasyon istorik se travay kolaborasyon epi nou akeyi opòtinite pou rekonèt pwojè ki eksplwate enèji epi demontre potansyèl remakab prezèvasyon istorik la. Nou fyè dèske nou se yon patnè aktif nan pwojè yo atravè Eta New York epi felisite tout moun ak gwoup ki fè prezèvasyon an posib. Efò ekstrawòdinè yo ak vizyon kreyatif yo pote enspirasyon epi yo gen efè pozitif, k ap dire lontan nan kominote nou yo."

Benefisyè Prim Konsèvasyon Istorik Eta a yo pou 2022 ane sa a se:

Cynthia Howk

Kontribisyon eksepsyonèl nan Prezèvasyon Istorik

Yo rekonèt Cynthia Howk pou *Kontribisyon eksepsyonèl nan Prezèvasyon Istorik* Karyè li depi plizyè Desebi ak devouman li nan planifikasyon prezèvasyon istorik, mentora, ak angajman kominotè gen yon enpak ki enkalkilab sou resous kiltirèl ak istorik eta a yo.

Ankèt nan Nivo Rekonesans East Harlem South/ El Barrio (East Harlem South/El Barrio Reconnaissance Level Survey), Vil New York, Konte New York

Ekselans nan Dokimantasyon Prezèvasyon Istorik

Yo rekonèt Ankèt nan Nivo Rekonesans East Harlem South/ El Barrio pou *Ekselans nan Dokimantasyon Prezèvasyon Istorik* Kòm premye sondaj konplè sou resous istorik/kiltirèl yo nan pati sa a nan Vil New York, rapò a se yon zouti enpòtan pou konprann anviwònman bati ak enpòtans kiltirèl katye a. Li pral sèvi tou kòm yon rapò modèl ankèt nivo rekonesans pou lòt kominote yo nan tout eta a.

F.R. Bain House, Poughkeepsie, Konte Dutchess

Ekselans nan Reyabilitasyon Bilding Istorik

Yo rekonèt F.R. Bain House pou *Ekselans nan Reyabilitasyon Bilding Istorik*. Pwojè a se akimilasyon yon efò pwopriyetè kay Kimberlee Breden te fèpandan plizyè ane pou retabli kay istorik 1888 estil Queen Anne (Rèn Anne) li a avèk dilijans lè l te sèvi avèk Kredi Reyabilitasyon Pwopriyetè Istorik la.

Pwojè Reyabilitasyon Pon Istorik, Konte Wayne ak Wyoming

Ekselans nan Konsiltasyon Prezèvasyon Istorik

Yo rekonèt efò kolaborasyon pou revitalize pon istorik yo yon fason reflechi ak kreyativite espesyalman Schoellkopf Road Bridge nan Konte Wyoming ak Quaker/O'Neil Road Bridge sou Kanal Erie nan Macedon, Konte Wayne ak Prim *Ekselans nan Konsiltasyon Prezèvasyon Istorik*

Jay Estate Gardens, Jay Heritage Center, Rye, Konte Westchester

Ekselans nan Akonplisman San Bi Likratif

Yo rekonèt Jay Estate Gardens nan Jay Heritage Center pou *Ekselans nan Akonplisman San Bi Likratif*. Konsepsyon transfòmatif jaden yo non sèlman reflekte kontèks istorik la, men li mete aksan sou yon entansyonèl pou retabli espès natif yo ak vwa orijinal yo epi pou kiltive yon apresyasyon ak konpreyansyon sou peyizaj dirab atravè patenarya ak sansibilizasyon piblik.

Distrik Istorik Asanble Lily Dale, Lily Dale, Konte Chautauqua

Ekselans nan Akonplisman Komintè

Yo rekonèt Distrik Istorik Asanble Lily Dale pou *Ekselans nan Akonplisman Komintè*. Efò pou nonmen kominote sa a pou kontribisyon istorik li nan Espirityalis ak mouvman dwa fanm yo te dirije pa manm kominote yo ke gen defans ak pèsistans yo te idantifye avèk siksè plis pase 200 resous istorik pou distri a, ki kounye a nan lis Rejis Eta ak Nasyonan Plas Istorik (State and National Registers of Historic Places) la.

Pwojè Reyabilitasyon Eskalye Aksè Niagara River Gorge, Niagara Falls, Konte Niagara

Ekselans nan Akonplisman Pwojè OPRHP

Yo rekonèt Pwojè Reyabilitasyon Eskalye Aksè Niagara River Gorge la nan Devil's Hole ak Pak Eta Whirlpool pou Ekselans nan Akonplisman Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, *OPRHP*). Pwojè yo melanje prezèvasyon istorik ak sèvis piblik epi respekte konsepsyon eskalye istorik la pandan y ap bay priyorite amelyorasyon sekirite yo.

Old Snell Hall, Potsdam, Konte St. Lawrence

Ekselans nan Reyabilitasyon Biding Istorik

Yo rekonèt Old Snell Hall pou *Ekselans nan Reyabilitasyon Biding Istorik* pou yon pwojè re-establisman ki trè vizib nan kè Potsdam ki te adopte yon modèl prezèvasyon istorik ki pote siksè e ki te vitalize yon resous kominotè ki pa te sèvi ase lè yo transfòme l an yon nouvo espas pou itilizasyon miks.

Pier 57, Vil New York, Konte New York

Ekselans nan Reyabilitasyon Biding Istorik

Yo rekonèt Pier 57 pou *Ekselans nan Reyabilitasyon Biding Istorik*. Pwojè reyitilizasyon adaptif sa a nan yon waf istorik nan Vil New York se yon premye egzanp inik nan travay prezèvasyon pou yon kalite estrikti ki anblematik nan istwa vil la. Vizyon pyonye a, ki te rann posib gras ak kredi enpo federal pou reyabilitasyon istorik Eta New York la, kounye a melanje teknoloji konstriksyon inovan ki soti nan ane 1950 yo ak yon konsepsyon kontanporen koyesif.

T Building, Queens, Konte Queens

Ekselans nan Reyabilitasyon Biding Istorik

Yo rekonèt T Building pou *Ekselans nan Reyabilitasyon Biding Istorik*. Anplis kreye lojman sipò ki nesèsè anpil ak espas pou sèvis kominotè lokal yo, pwojè re-itilizasyon adaptif sa a, ki te rann posib gras ak kredi enpo federal pou reyabilitasyon istorik Eta New York la, te retabli anpil nan karakteristik orijinal ki gen estil Art Moderne biding lan epi li se yon ilustrasyon remakab achitekti revitalize.

Misyon Divizyon Konsèvasyon Istorik (Division for Historic Preservation, DHP) Eta New York se kreye koneksyon enpòtan ak istwa dinamik eta a pou tout rezidan ak vizitè yo epi Divizyon an pran angajman pou pwoteje resous istorik ak kiltirèl yo. Yon pati nan Biwo Pak, Rekreyasyon ak Konsèvasyon Istorik Eta New York la, DHP fè efò pou ogmante konsyantizasyon valè lye istorik yo pou jenerasyon k ap vini yo epi pou elaji naratif konplèks yo pou rakonte yon istwa ki pi konplè ki reprezante divèsite pèp eta a, alafwa nan pase ak prezan. [Aprann plis sou tout dimansyon travay Divizyon an sou entènèt.](#)

###